



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MORATWA SOU EVIKSYON REZIDANSYÈL KI GEN RAPÒ AK COVID-19 PRAL PWOLONJE JISKA PREMYE JANVYE 2021

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Lwa sou Espas Sekirite Lokatè (Tenant Safe Harbor Act) Eta a pral pwolonje jiska premye janvyè 2021 pou pwoteje lokatè rezidansyèl anplis yo kont eviksyon si yo ap souffri difikilte finansyèl pandan ijans sante piblik COVID-19 la. Dekrè Egzekitif la etann pwoteksyon Lwa sou Espas Sekirite Lokatè a sou garanti eviksyon ki egziste avan kòmansman pandemi an.

"Pandan ke New York kontinye ap konbat pandemi an, nou vle asire nou yo pa pral fòse Nouyòkè ki toujou genyen difikilte finansyèl yo soti lakay yo kòm rezilta COVID la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap pwolonje pwoteksyon Lwa sou Espas Sekirite Lokatè a jiska premye janvyè paske nou vle lokatè yo genyen estabilite fondamantal nan lavi yo pandan nou ap rekipere anba kriz sa a."

Gouvènè Cuomo te premye anonse yon moratwa Eta sou eviksyon rezidansyèl ak komèsyal nan dat 20 mas pou asire okenn lokatè pa ekspilse pandan gwo moman ijans sante piblik la. Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou Espas Sekirite Lokatè a nan dat 30 jen an, ki te antre an vigè imedyatman ansanm ak lejislasyon anplis ki bay asistans finansyèl pou lokatè ak pwopriyetè yo. Anplis de sa, Dekrè Egzekitif avan yo te entèdi chaj oswa frè pou peman lwaye an reta, epi lokatè yo ki ap fè fas ak difikilte finansyèl kapab toujou itilize depo sekirite yo a kòm peman epi yo kapab repeye depo sekirite yo a pi devan.

Pi bonè mwa sa a, Dekrè Egzekitif Gouvènè a te pwolonje moratwa Eta a sou eviksyon ak sezi komèsyal ki gen rapò ak COVID la, jiska 20 oktòb. Mezi sa pwolonje pwoteksyon ki deja anplas pou lokatè komèsyal yo ak moun ki gen ipotèk an rekonesans ak kou finansyèl ke pandemi an enpoze pwopriyetè antrepriz yo, ki gen ladan etablisman vant an detay ak restoran. Pwolongasyon pwoteksyon sa a bay lokatè komèsyal ak moun ki gen ipotèk yo tan anplis pou tounen sou pye yo epi ratrape lwaye yo oswa renegosye kondisyon lwaye yo pou evite pwosedi eviksyon yo kontinye.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)